



Español | Shqip | العربية | বাংলা
Français | Kreyòl Ayisyen | हिन्दी | 한국어¹
Polski | Русский | 简体中文 | 繁體中文 | أردو

[Date]

Chè Manm NYC Care,

Ou gen aksè nan yon pakèt sèvis swen sante pou ede ou rete an bòn sante, espesyalman pandan pandemi COVID-19 la, kèlkeswa sitiyasyon w antanke imigran oswa kèlkeswa kapasite w pou w peye.

Nan bilten manm **My NYC Care** sa a, ou pral jwenn enfòmasyon enpòtan sou:

- + **Sèvis pou Manm yo**
- + **Konsèy pou yon vi an sante**
- + **Kòman pou w jwenn aksè nan tès ansanm ak vaksen COVID-19 yo**
- + **Istwa lòt manm NYC Care yo**

Ekip swen sante ou yo nan NYC Health + Hospitals angaje yo pou yo asire sante w ak byennèt ou epi yo bay pwoteksyon enfòmasyon prive pasyan yo anpil valè. pasyan yo. Tout Nouyòkè ki kalifye kapab enskri nan NYC Care kèlkeswa sitiyasyon yo antanke imigran oswa kapasite yo genyen pou yo peye. Enfòmasyon w yo ap toujou rete prive lè ou enskri oubyen lè ou renouvle aksè ou kòm manm.

Si ou gen kesyon, tanpri rele nou nan **646-NYC-CARE (646-692-2273)** oubyen vizite sit entènèt nou an nan www.nyccare.nyc pou w jwenn plis enfòmasyon.

Mèsi dèské w fè nou konfyans pou swen w yo.

Direktris Ekzekitif
NYC Care
NYC Health + Hospitals

Haitian Creole



MY NYC CARE

NYC
HEALTH +
HOSPITALS

NYC
CARE
Your Key
to the City's
Health Care

DWA W POU GEN SWEN SANTE

Kisa Ou Ka Fè Pou w Konbat COVID-19 la

Pran vaksen!

Vaksen COVID-19 la san pwoblèm, li gratis, epi li fasil. Se pi bon fason pou w pwoteje tèt ou kont viris mòtèl la. Tout Nouyòkè ki gen 12zan oswa pi gran elijib pou pran vaksen an epi gen posibilité pou moun ale san randevou ansanm ak posibilité pou fè randevou nan divès kote toupatou nan vil la. Nou ankouraje ak tout fòs manm NYC Care yo pou yo pran vaksen an jodi a!

De (2) semèn aprè ou fin vaksinen nèt, ou p ap bezwen mete yon mask sou figi w ni rete 6 pye (2 mèt) lwen zòt yo. Sepandan, ou ta dwe toujou suiv etap prevansyon sa yo:

- + **Rete lakay ou si ou malad**
- + **Lave men w souvan**
- + **Mete Mask nan Vizaj ou anndan tout espas piblik ki fèmen, tankou etablisman medikal ak transpò piblik yo.**



Pou w ka jwenn plis enfòmasyon ak jwenn yon kote yo bay vaksen, al gade nan nychealthandhospitals.org/covidvaccine.

Epi sonje, ou ka fè tès COVID-19 la gratis, san pwoblèm, epi an prive atravè tout sit ki nan vil la. Vizite nyc.gov/covidtest oswa rele nan 212-COVID19 (212-268-4319) pou w ka jwenn youn tou pre w.

Vaksen COVID-19 la san danje epi li fonksyone byen

Chak grenn vaksen kont COVID-19 y ap bay aktyèlman nan peyi Etazini yo, yo te fè esè klinik ak yo sou plizyè dizèn milye moun epi yo te ekzamine sekirite yo anvan Administrasyon Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) te pèmèt itilizasyon yo. Tout vaksen sa yo fonksyone byen kont maladi grav ak lanmò ki lye a COVID-19 la.




Menm jan ak lòt vaksen yo, vaksen COVID-19 la ka lakoz ti efè segondè ki pa grav. Efè segondè sa yo se siy ki moutre kò w ap pwoteje tèt li kont COVID-19 la. Pou w ka aprann sa w bezwen konnen anvan ak aprè w fin pran vaksen COVID-19 la, al gade nan nychealthandhospitals.org/covidvaccine.



Virtual Care - Nenpòt Lè, Nenpòt Kote

Pandan nou ap kontinye fè fas ak defi pandemi COVID-19 la, sante w enpòtan pou nou pi plis toujou. Anplis randevou fizik yo, manm NYC Care yo gen aksè nan vizit nan telefòn ak vidyeo. Konekte ak founisè swen sante nou an san w pa oblige vini nan biwo doktè a! Pa tann pou w pran swen! Rele nan **646-NYC-CARE** epi pran randevou w lan jodia!

NYC Care gen plis pase 50,000 manm!



- + **60 POUSAN** ap viv nan yon zòn COVID-19 la frape fò
- + Plis pase **50 POUSAN** nan manm yo te pran swen pou premye fwa nan NYC Health + Hospitals
- + Manm yo te resevwa plis pase **35,000** tès depistaj kansè rekòmande
- + Plis pase **50 POUSAN** nan manm yo ki gen dyabèt ak tansyon jwenn yon pi bon kontwòl sou maladi alontèm sa yo

Ou ka ede plis Nouyòkè jwenn aksè nan swen sante nan respè ak diyite. Mande yon zanmi w oubyen yon manm nan fanmi w pou li rele nan **646-692-2273** pou w enskri jodia!

MIZAJOU AKSÈ KÒM MANM

Renouvre aksè manm ou an nan NYC Care chak ane

Aksè pou manm NYC Care a bon pou yon ane. Ou dwe re-enskri chak ane. Verifye kat manm ou an pou dat enskripsyon w lan. Si aksè pou manm ou an prèske fini oubyen li ekspire, rele nan

646-NYC-CARE pou w:

- + Pran yon randevou
- + Re-enskri
- + Poze kesyon sou avantaj ou kòm manm.

LIMYÈ SOU YON MANM

"Anvan m te vin yon manm nan NYC Care nan mwa Novanm 2019, m te pè chache swen sante akoz estati imigrasyon m nan. Lè m te vin gen COVID-19 la ane pase, m te gen ase konfyans pou m chache èd nan NYC Health + Hospitals/Bellevue nan Manhattan. M te konnen antanke yon manm NYC Care, m t ap ka jwenn aksè nan tout swen medikal m te bezwen pou sove lavi m. M te pase 21 jou nan tib epi mwen geri nèt pou m rakonte istwa m nan."

- Miguel, 44 lane yon ansyen manm nan Queens

Ou vle pataje istwa w sou eksperyans ou ak NYC Care pou w ka enspire lòt moun? Voye yon imèl ba nou nan NYCCare@nychhc.org. Tanpri itilize liy sijè ki make "MY STORY" ("ISTWA M") nan. Pataje istwa w la ap ede lòt yo jwenn swen sante yo bezwen ak merite a! Si w prefere, ou ka rete anonim (nou p ap itilize non w nan istwa w la).

Si ou gen kesyon, tanpri ekri nou nan imèl nou nan NYCCare@nychhc.org

